

Bondye pale divès fason. Men pèsonn pa okipe sa l ap di. Job 33. 14

Si nou tande vwa li jodi a pa kenbe tèt ak li.

Ebre 4. 7

Bon etwal oubyen avètisman ?

“Mwen te rele Sen Pyè, men li pa t vle reponn mwen. Mwen te ensiste, men pòt la pa t janm louvri”. Yon Journal ki pibliye chak jou, rapòte pawòl enpètinan sa yo ki soti nan bouch yon nonm ki te soti sen e sof nan yon tèrib aksidan ak machin li ki soti nan yon otè 70 mètr tonbe nan yon ravin. Jounalis la ajoute sou menm ton an : “se yon kado ki sot nan syèl... Bon etwal li, petèt la pou kèk bagay. Kounye a, li prepare pou dechire lavi ak tout dan li”.

Eske nonm sa a, te pran oserye avètisman Bondye te ba li an ? Ki kote li t ap ye kounye a si Bondye pat epanye li mirakilezman ? Eske li pral kontinye viv nan ensou-syans ?

Lavi nou si frajil, li kapab detwi britalman, konsa nou pa dwe viv nenpòt ki jan, paske tout bagay pa fini lè nou mouri. Bib la fè nou sonje : Apre lanmò se jijman (Ebre 9. 27). “Nou tout gen kont pou nou bay Bondye sou fason nou t ap viv” (Women 14. 12), se pa Sen Pyè ki pral jije nou. Nou p ap ka ale nan apèl kont desizyon Bondye yo. “Pa gen moun ki jis, pa menm yon sèl” (Women 3. 11). Moun ki bay peche do, ki tounen vin jwenn Bondye, ki aksepte Jezi kòm Sovè, Bondye jistifye yo gratis, grenmesi gras li fè yo (Women 3. 24). Men, moun ki refize sali Kris ofri yo a, gen pou “jije... dapre sa yo te fè pandan yo te nan kò sa a”. Paske non yo pa “ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a”, Bondye va kondane yo (Revelasyon 20. 12-15). Pa meprize avètisman Bondye ba ou !

11

novembre

Dieu parle une fois, et deux fois – et l'on n'y prend pas garde. Job 33. 14

Aujourd'hui, si vous entendez sa voix, n'endurcissez pas vos cœurs. Hébreux 4. 7

Bonne étoile ou avertissement ?

“J’ai frappé chez saint Pierre, il n’a pas voulu me répondre. J’ai insisté, mais la porte ne s’est pas ouverte”. Un quotidien rapporte ces paroles impertinentes d’un homme sorti presque indemne de sa voiture après une chute de soixante-dix mètres dans un ravin. Le journaliste ajoute sur le même ton : “C’est un cadeau venu du ciel... Sa bonne étoile y est peut-être pour quelque chose. Maintenant il s’apprête à croquer la vie à pleines dents”.

Cet homme a-t-il pris garde au sérieux avertissement que Dieu lui a donné ? Où serait-il maintenant s’il n’avait pas été miraculeusement épargné ? Va-t-il continuer à vivre dans l’insouciance ?

Notre vie est si fragile, elle peut s’interrompre brutalement, aussi ne doit-elle pas être vécue à la légère, car tout ne se termine pas avec la mort du corps. La Bible nous le rappelle : Après la mort, le jugement (Hébreux 9. 27). “Chacun de nous rendra compte pour lui-même à Dieu” (Romains 14. 12), et non pas à saint Pierre, de ce qu’il aura fait durant sa vie sur la terre. Le verdict divin est sans appel : “Il n’y a pas de juste, non pas même un seul” (Romains 3. 11). Ceux qui se tournent vers Dieu et acceptent le salut offert par Jésus sont justifiés gratuitement par sa grâce (Romains 3. 24). Ceux qui refusent le salut offert gratuitement seront “jugés... selon leurs œuvres”. Leur nom ne sera pas “trouvé écrit dans le livre de vie”, ils encourront la condamnation éternelle (Apocalypse 20. 12-15). Ne méprisez pas les avertissements que Dieu vous donne !